



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PREPARASYON ETA A
POU ENPAK INONDASYON POTANSYÈL PLISKE YO PREVWA PLIS LAPLI JODI A
AK DEMEN**

*Konte Suffolk anba yon avètisman inondasyon toudenkou kòm gwo lapli ap
kontinye enpakte zòn Sid Eta a*

*Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan gen ekipman ak pèsònèl sou ki
annatant pou sekou nan dlo inondasyon, si sa nesesè*

*Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou yo siveye kondisyon metewolojik yo ak
prepare yo pou aji nan ka inondasyon toudenkou*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te bay Nouyòkè yo mizajou sou efò eta a pou kontwole ak reponn ak inondasyon potansyèl ki ka koze pa gwo lapli nan kèk rejyon ki deja afekte pa dènye inondasyon toudenkou a. Tout pati lès nan eta a rete anba yon Siveyans kont Inondasyon aswè a, ak Konte Suffolk kounye a anba yon avètisman inondasyon toudenkou. Depi yè swa, Konte Suffolk te wè senk pous lapli nan yon entèval de èdtan, ak konte Westchester ak Putnam ki gen eksperyans pousantaj lapli ki rive jiska de pous pou chak èdtan. Pandan ke pa gen okenn rapò aktyèl sou inondasyon siyifikatif oswa katastwofik nan rejyon sa yo, Gouvènè Hochul ak administrasyon li yo ap kenbe yon je fèmèn sou nenpòt ki enpak move tan adisyonèl epi yo byen prepare pou reponn a kinondasyon.

"Avèk zòn nan eta a ki sibi avètisman inondasyon toudenkou, mwen ankouraje Nouyòkè yo rete vijilan ak kontwole kondisyon metewolojik yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an ap travay san pran souf pou asire ke nou prepare pou nenpòt ki enpak move tan pandan peryòd tan sa a."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Yo te rapòte gwo lapli nan plizyè konte pandan dènye 24 èdtan yo epi nou prevwa plis lapli aswè a pou demen. Ekip mwen an ap swiv pwevizyon an a ak nenpòt ki move tan enpak sistèm sa a pral gen nan tout eta a. Nou byen prepare pou deplwaye plis pèsònèl ak byen pou reponn pou ede premye sekouris lokal nou yo ak ensidan inondasyon toudenkou sa a."

Tout pati lès nan eta a kounye a anba yon siveyans inondasyon, ki gen ladan North Country a, Rejyon Kapital, Mohawk Valley, Mid-Hudson, Vil New York ak rejyon Long Island. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan <https://alerts.weather.gov>.

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo enskri pou NY Alert, sistèm alèt ijans gratis Eta a, nan alert.ny.gov. Yo ka voye enfòmasyon ijans konte pa konte pa tèks oswa imèl.

Aprè tanpèt la, ekip antretyen otowout Depatman Transpò ak fòs kontraktè yo, ekip evalyasyon domaj ak enspeksyon pon yo, te travay san pran souf pou re-ouvri wout eta yo san danje atravè Rejyon New York Santral, North Country, Long Island ak Hudson Valley yo.

Wout ki fèk ouvè yo

Hudson Valley

- US Route 6/202 (Bear Mountain Bridge Road) ouvri nan toude direksyon ant Route 9D ak U.S. Route 9 nan Vil Cortlandt, Konte Westchester.
- U.S. Route 9W ouvri nan toude direksyon ak liy ki redui nan zòn ki ant Cornwall ak antre Stony Lonesome Gate la nan West Point/Mountain Ave. Sa a anglobe 7.7 km wout ki gen ladan gwo antre nan West Point soti nan nò a, k ap retabli wout banlye prensipal la.
- State Route 32 nan Trout Brook Road, Vil Woodbury, Konte Orange ouvri ak yon liy sikilasyon altènatif atravè yon siyal tanporè.
- U.S. Route 9W ouvè nan toude direksyon nan sid Bear Mountain Bridge atravè Konte Rockland. Koneksyon vital sa a soti nan Route 9W rive Bear Mountain Circle, sou Bear Mountain Bridge pou rive nan Route 6 (Goat Trail) te retabli.
- Otorite Pon an te re-ouvri Bear Mountain Bridge pou tout sikilasyon.

New York Santral

- State Route 104 nan Meksik, Konte Oswego te re-ouvri pou sikilasyon altènatif. Li pral fèmen pou yon ti tan pou jiska de semèn pou reparasyon ponso, apati kòmansman semèn sa a.
- Wout 69A nan Konte Oswego te re-ouvri nèt.

Konte Hamilton

- Route 30/28N soti nan Blue Mountain Lake rive nan Long Lake nan Konte Hamilton re-ouvri
- Route 30 soti nan Long Lake (Konte Hamilton) rive nan liy Konte Franklin an re-ouvri
- State Route 28N nan vil Long Lake, Konte Hamilton te re-ouvri pou sikilasyon lokal ak machin ijans nan yon sèl sens jis rive nan pon an sou Fishing Brook.

Fèmti wout aktyèl yo

- Pon ki mennen State Route 28N sou Fishing Brook nan Konte Hamilton fèmen kounye a akòz gwo domaj estriktirèl. Enjenyè Depatman Transpò yo ap travay pou konstwi yon estrikti tanporè pou rekòmanse sikilasyon nan zòn sa a pi vit posib.
- Pon State Route 9W sou Popolopen Creek nan Vil Highlands, Konte Orange, kounye a fèmen pandan enjenyè eta yo ap travay pou aplike yon solisyon pou re-ouvri pon an pi vit posib. Antretan, Route 9W fèmen nan toude direksyon soti Fort Montgomery rive nan Bear Mountain Circle akòz domaj pon an.
- U.S. 9W fèmen nan direksyon nò ak direksyon sid nan State Route 218/James O'Neill High School ak Stoney Lonesome Gate/Mountain Ave, Highlands, Konte Orange akòz lavaj ak debri. Yo prevwa ke sa a se yon fèmti alontèm.
- State Route 980U fèmen nan direksyon nò ak sid ant U.S. 9W ak State Route 218, Highlands, Konte Orange akòz efondreman wout la. Yo prevwa ke sa a se yon fèmti alontèm.
- State Route 218 fèmen nan toude direksyon ant Otowout Storm King ak liy Vil Cornwall/Vil Highlands, Vil Cornwall, Konte Orange akòz efondreman wout la. Yo prevwa ke sa a se yon fèmti alontèm.

Yo prevwa wout sa yo ap re-ouvri nan pwochen 24-48 èdtan yo, toudepan de move tan:

- Palisades Parkway direksyon nò ak direksyon sid ant sòti 15 ak Bear Mountain Bridge, Vil Highlands, Konte Rockland.
- UUS 6 nan toude direksyon ant State Route 293 ak Palisades Interstate Parkway, Woodbury, Konte Orange.
- Long Mountain Circle ant US Route 6 ak Palisades Interstate Parkway, re-etabli aksè soti nan lès Konte Orange ak nò Konte Rockland atravè Palisades Interstate Parkway.
- State Route 116 ant Norton Road ak Hunt Lane nan toude direksyon, North Salem, Konte Westchester.
- State Route 9A nan toude direksyon ant Skyline Drive ak Saw Mill River Parkway, Mount Pleasant, Konte Westchester.
- State Route 35 nan direksyon lès nan lwès Mark Mead Road, Cross River, Konte Westchester.
- Taconic State Parkway nan direksyon nò, nan sid Sòti 37A, East Fishkill, Konte Dutchess.
- State Route 22 nan Hurds Corners Road, Pawling, Konte Dutchess.

Plis Preparasyon Ajans Eta yo

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a ap entèvni nan evènman meteyo a avèk 3,500 sipèvizè ak operatè ki disponib nan eta a. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,404 gwo kamyon abèn baskil
- 321 gwo chajè
- 82 dechiktèz
- 79 ekskavatris ak wou ak cheni
- 32 platfòm tou trafik
- 20 kamyon aspiratè ak jè egou
- 15 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Otorite Thruway

Anplwaye Otorite Thruway la ap siveye previzyon meteyo a epi li genyen 653 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout Eta a yo avèk eskavatris ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèm ti yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 354 Gwo Kamyon Baskil Abèn ak Ti Kamyon
- 60 Gwo Chajè
- 31 Trelè
- 5 Kamyon Aspiratè
- 13 Ekskavatris
- 8 dechiktèz ak bwòs
- 100 Twonsonez
- 23 kamyon aeryen
- 21 Chajè ak Direksyon
- 83 Jeneratris Pòtab
- 68 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo , ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl TRANSalert ki bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv @ThruwayTraffic sou Twitter epi vizite thruway.ny.gov pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Sèvis Piblik

Sèvis piblik New York yo genyen apeprè 5,500 travayè disponib pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York, pou evènman sa a. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout

evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a prepare pou li deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesesè, pou ede zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo, tankou veyikil kat-pa-kat ak veyikil itilite yo (UTV) deja an pozisyon epi yo prè pou yo reponn imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans Twoup la yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrasitrikti ki gen anpil chans pou yo afekte poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip rapid pou sovtaaj nan dlo yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Avèk posiblite pou gwo lapli, [yo konseye randonè yo nan Adirondacks](#) pou evite tanporèman tout santye ki gen altitud wo yo ak santye ki travèse rivyè ak kouran dlo yo. N ap ankouraje randone yo tcheke [Paj Web Enfòmasyon sou zòn Kanpay Adirondack la](#) pou mizajou sou kondisyon santye yo, fèmte sezonye yo, ak enfòmasyon lwazi jeneral pou Adirondacks yo, sitou apre inondasyon ki sot pase yo.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizite pak yo ta dwe vizite parks.ny.gov, tcheke aplikasyon mobil gratis NY State Parks Explorer oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmte yo.

Konsèy Sekirite pou Move Tan

Founiti nan Ka Katastwòf

Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Inondasyon Eklè

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.

- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

Zeklè

- Swiv enstwiksyon 30-30: Si tan ant moman ou wè ekla zeklè an epi koute kout loraj la se 30 segonn oswa mwens, kout zèklè an pre ase pou li frape ou. Chècheabri imedyatman. Apre dènye ekla zeklè an, rete tann 30 minit anvan ou soti nanabri ou an.
- Kout zèklè yo frape bagay ki pi wo an. Si ou sou yon liy pye bwa, kouri ale anba l epi kwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze.
- Si ou pa kapab ale nan yonabri, rete lwen pye bwa yo. Si pa genabri, kwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.

Tònad

- Si ou deyò, epi yo pibliye yon Avètisman Tònad, chècheabri imedyatman. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete men w sou tèt ou.
- Si ou lakay ou oswa nan yon ti bilding, ale nan sousòl lan oswa nan yon pyès pa andedan nan etaj ki pi ba a. Pa kanpe bò fenèt yo. Plaka, chanm deben, ak lòt espas chanm enteryè yo ap pwoteje w pi byen. Antre anba yon bagay ki solid oswa kouvri tèt ou ak yon matla.
- Si ou nan yon lekòl, yon lopital, oswa yon sant komèsyal, ale nan zònabri yo deziyen alavans lan. Pa kanpe nan espas ouvè ki laj yo aswa bò fenèt yo. Pa soti deyò pou al nan machin ou.
- Si ou nan yon bilding ki wo anpil, ale nan yon ti pyès pa andedan oswa nan koulwa nan etaj ki pi ba posib lan. Pa pran asansè - pran eskalye pito.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pèsònèl ak kijan pou rete an sekirite pandan move tan vizite: <https://www.dhses.gov/safety>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)